

Anvizaje resous sa yo:

HOPEline Eta New York:

1-877-846-7369

Ofri èd ak espwa 24 èdtan pa jou, 365 jou pa ane pou abi tafya, abi dwòg ak pwoblèm jwèt daza. Tout apèl yo gratis, yo nan plizyè lang, yo anonim ak konfidansyèl.

Sèvis asistans nan telefòn pou Paran nan:

1-800-CHILDREN (244-5373)

Se yon liy nan tout Eta a pou enfòmasyon ak referans ki ka ede dirije ou nan sèvis ou bezwen yo. Li gratis, konfidansyèl, ak nan plizyè lang.

Plis enfòmasyon nan:

<https://preventchildabuseny.org/>

Vil New York gen anpil sèvis gratis ak bon mache pou moun ki gen pwoblèm dwòg ak/oswa alkòl.

Rele liy asistans nan plizyè lang Vil New York la 24 èdtan pa jou, sèt jou pa semèn pou jwenn enfòmasyon ak referans nan

1-888-NYC-WELL (1-888-692-9355)

Depatman lokal sèvis sosyal

Pou jwenn plis enfòmasyon sou resous ki disponib pou ou ak fanmi ou, kontakte DSS zòn ou.

<https://ocfs.ny.gov/main/localdss.asp>

Non Travayè sosyal CPS mwen:

Sipèvizè Travayè Sosyal CPS mwen:

Telefòn Travayè sosyal CPS mwen:

Telefòn Sipèvizè travayè sosyal CPS mwen:



Office of Children
and Family Services

Capital View Office Park

52 Washington Street,
Rensselaer, NY 12144

Ale sou sitwèb nou nan: ocfs.ny.gov

Pou enfòmasyon konsènan fanmi plasman ak adopsyon, rele:

1-800-345-KIDS (5437)

Pou rapòte abi ak move tretman sou timoun, rele:

1-800-342-3720

Si ou gen enkyetid konsènan yon founisè gadri, rele Liy Pou Pote Plent pou Gadri a nan:

1-800-732-5207

Pou enfòmasyon sou Lwa Konsènan Pwoteksyon Tibebe yo Abandone (Abandoned Infant Protection Act), rele:

1-800-505-SAFE (7233)

Pou jwenn nimewo telefòn inite APS zòn ou rele Liy Èd Sèvis pou Adilt nan Sant Apèl Sèvis Imen:

1-844-697-3505

*“... ankouraje sekirite, pèmanans,
ak byennèt timoun nou yo, fanmi yo,
ak kominote yo. ...”*

Dapre Lwa anfavè Ameriken ki Andikape (Americans with Disabilities Act), Biwo Eta New York pou Sèvis Timoun ak Fanmi ap mete enfòmasyon sa yo disponib sou demann nan yon fòma ki apwopriye.

Pub. 5212-HC (11/2019)



Office of Children
and Family Services

Konsèy pou Paran ki Itilize Sibstans oswa ki nan Rekiperasyon



Wòl Sèvis Pwoteksyon Timoun ak Konsèy pou Travay Ansanm

ocfs.ny.gov

Kisa Sèvis Pwoteksyon Timoun (Child Protective Services, CPS) fè?

Lalwa egzije pou CPS mennen ankèt sou akizasyon abi oswa move tretman kont timoun yo pou jwenn si moun ap pran swen timoun yo yon fason ki san danje.

Si fanmi ou annafè ak yo, sa vle di yon moun te rapòte yon enkyetid bay Rejis Santral Eta a (State Central Register, SCR) konsènan timoun ou yo.

Poutèt gen yon rapò ki fèt, sa pa vle di CPS ap otomatikman dakò ak rapò a.

Yo pral vle pale avèk oumenm ak fanmi ou, men yo dwe fini ankèt yo a kit ou pale oswa ou pa pale avèk yo.

CPS gen jiska 60 jou pou fini ankèt la. Li enpòtan pou ou fran ak onèt pou yo ka jwenn meye fason pou soutni ak ede fanmi ou.

Fo kwayans: Si mwen di CPS mwen itilize dwòg oswa alkòl, oswa si mwen rechite, yo pral sèvi ak li kont mwen ak fanmi m, epi yo ka pran timoun mwen yo nan men m.

Reyalite: CPS pa pran timoun yo si paran yo ka pran swen timoun yo san danje, menm si y ap itilize dwòg oswa alkòl. CPS konprann tou rechit fè pati pwosesis rekiperasyon an epi li pral travay avèk ou pou jwenn fason pou kenbe timoun ou yo an sekirite si ou fè rechit.

CPS pran timoun yo nan men paran yo sèlman lè li nesèsè pou pwoteje timoun lan epi yo fè sa kòm yon dènye solisyon. Depreferans, CPS pral gade bò kote ou pou ede idantifye resous ki apwopriye pou timoun ou yo si yo dwe kite kay ou tanporèman.

Fo kwayans: Si mwen chèche tretman kòm pasyan ki entène pou abi sibstans, sa pral lakòz CPS mete timoun mwen yo nan yon kay avèk etranje.

Reyalite: CPS pral travay avèk ou pou jwenn lòt aranjman san danje, tankou fanmi oswa zanmi ou fè konfyans, pandan w ap resevwa èd ou bezwen an.



Kijan CPS pral konnen si timoun mwen yo an sekirite?

CPS ap pale avèk ou, timoun ou yo, ak nenpòt lòt moun ki ta ka gen enfòmasyon, tankou manm fanmi, pwofesè oswa vwazen.

Yo pral poze ou kesyon presi sou fason ou kenbe timoun ou yo an sekirite lakay ou, espesyalman si ou pran dwòg oswa alkòl. Si sa nesèsè, CPS ap ede ou prepare yon plan sekirite pou timoun ou yo.

Fo kwayans: CPS pral fè sipozisyon ak jijman osijè fanmi mwen san yo pa ofri okenn èd reyèl.

Reyalite: CPS konnen se oumenm ki ekspè pwòp fanmi ou, epi yo ka ede ou jwenn solisyon ak resous pou reponn a bezwen ou yo. CPS ka fè referans pou sèvis onon ou epi eseye mete ou an kontak avèk sipò nan kominote ou.

Kijan CPS kapab ede fanmi mwen?

Premyèman, li enpòtan pou CPS konprann fason itilizasyon dwòg oswa alkòl ou an afekte kapasite pou ou pran swen timoun ou yo.

Kòm yon pati nan yon plan sekirite, CPS ka bay èd pou bagay tankou gadri ak konsèy pou ede oumenm ak fanmi ou.

Si ou bezwen tretman pou dwòg ak alkòl oswa pou sante mantal, CPS ka ede ou jwenn sèvis sa yo.

Èske m ap oblije ale lwen pou tretman?

CPS ka refere ou nan yon evalyasyon pou dwòg ak alkòl, kote founisè ki resevwa fòmasyon ap rekòmande yon nivo tretman ki adapte ak bezwen ou yo.

Si ou antre nan tretman pasyan ki entène, CPS ap travay avèk ou pou idantifye moun ki pou okipe timoun ou yo, tankou fanmi oswa lòt granmoun ki bay sipò.

Kisa mwen ta dwe fè si CPS ap mennen ankèt sou mwen?

- **Se pou ou fran ak onèt.** CPS la pou ede, li pa la pou fè mal. Depi SCR resevwa yon rapò, lalwa egzije pou CPS mennen ankèt. Lè ou fran ak onèt, sa pral ede CPS ede ou kenbe timoun ou yo an sekirite epi ranfòse fanmi ou.
- **Ou dwe disponib** ak kowoperatif pou akselere pwosesis ankèt CPS la.
- **Fè yo tande ou:** Sonje byen, se oumenm ki ekspè fanmi ou, epi opinyon ou enpòtan. Li enpòtan ou fè konnen kwayans ou, valè fondamantal ou ak opinyon ou konsènan fanmi ou nan yon fason ki gen respè.
- **Ou dwe reyaji:** Kenbe kontak avèk CPS—si ou pa okipe yo oswa ou retade kontakte yo, sa pral sèlman pwolonje dosye ou an.
- **Pran devan:** Si CPS gen yon enkyetid, fè tout sa ou kapab pou rezoud li rapid-rapid ak efikasman ki posib. Pale CPS de rezo sipò ou genyen ki ka bay èd, tankou fanmi, zanmi, manm legliz, gwoup sipò kanmarad, konseye, elatriye. Kontakte nenpòt fanmi oswa zanmi pwòch ki kapab yon resous oswa yon èd pou fanmi ou.
- **Ou dwe solidè ak rès ekip la:** Si ou kreye yon rezo solid ki gen fanmi ak zanmi pou bay soutyen, sa ka enpòtan anpil pou rive nan rezilta pozitif pou timoun ou yo ak fanmi ou.

